

labor	travay (akouchman)	chanjman fizyolojik ak fizik yon femèl sibi anvan pwosesis akouchman.
lake	lak	Etandi dlo natirèl oswa etandi dlo moun kreye; li ka fòme lè yon depresyon ki sou tè plen dlo.
landslide	glisman teren	Mouvman rapid pant desandan yon mas tè, wòch oswa debri lach ki separe avèk sibstra woche a; li ka deklanche nan yon tranblemanntè.
large intestine	gwo trip	tib miskilè kote sibstans ki pa ka dijere yo pase nan rektòm pou ekskresyon an.
larva	lav	nan ensèk yo, se etap metamòfoz lavi lib tankou vè, ki rele souvan yon cheni.
laser	lazè	Se yon aparèy ki pwodui limyè puisan, koyeran, direksyonèl, monokwomatik; limyè sa a ka itilize pou eksite lòt atòm yo; akwonim nan vle di anplifikasyon limyè nan emisyon radasyon estimile.
latent heat	chalè laten	Enèji ki estoke nan vapè dlo ki pa degaje pou chofe atmosfè a jouk lè gen kondansasyon.
latitude	latitud	Distans an degre nò ak sid ekwatè a.
lava	lav	Magma ki koule sou sifas tè a. Magma that flows out onto Earth's surface.
law	lwa	Aksyon debaz ki dekri konpòtman yon fenomèn natirèl.
law of conservation of energy	lwa konsèvasyon enèji	Endike nan nenpòt pwosesis chimik oswa fizik, enèji a ka chanje ant yon fòm ak yon lòt fòm, men li pa ni kreye ni detwi.
law of conservation of mass	lwa konsèvasyon mas	Endike mas la pa ni kreye ni detwi pandan yon reyaksyon chimik, men li konsève.
Le Système International D'Unités (SI)	Sistèm Entènasyonal Inite (SI)	Vèsyon modèn sistèm metrik ki baze sou yon sistèm desimal ki itilize nonm 10 kòm inite de baz; li gen ladan tou mètr (m), kilogram (kg), kelven (K), segonn (s), anpè (A), kandela (cd) ak mol (mol).
leaf	fèy	ògàn plant ki grandi nan yon tij kote fotosentèz fèt anjeneral.
lens	lantiy	Yon mòso sibstans transparan, tankou vè oswa plastik, ki itilize pou konvèje limyè epi pou fòme imaj.
lever arm	bra leve	Se distans pèpandikilè ant aks wotasyon ak pwen kote fòs la egzèse.

Lewis structure	estrikti Lewis	Yon modèl ki itilize estrikti pwen elektwon pou montre fason elektwon yo ranje nan molekil yo. Pè pwen yo oswa liy yo reprezante pè lyezon yo.
ligament	ligaman	bann di tisi konjonktif ki tache yon zo ak yon lòt; atikilasyon yo ini souvan ansanm epi yo antoure avèk ligaman.
limiting factor	faktè limitatif	se nenpòt faktè byotik oswa antibyotik ki restrikte egzistans, kantite, repwodiksyon oswa distribisyon òganis yo.
limiting reactant	reyaktif limitatif	Se yon reyaktif ki detwi nèt pandan yon reyaksyon chimik; li limite enpòtans reyaksyon an epi li detèmine kantite pwodui a.
lipids	lipid	gwo konpoze òganik ki fòme sitou avèk kabòn ak idwojèn epi avèk yon ti kantite oksijèn; kèk egzanp lipid se matyè gra, lwil, si ak estrewoyid; yo pa solib nan dlo epi selil itilize yo pou estokaj enèji, izolasyon, ak andui pwotektè tankou nan manbràn yo.
lithification	litifikasyon	Transfòmasyon sediman an wòch atravè konpaksyon ak semantasyon.
lithosphere	litosfè	Anvlòp ekstèn rijid tè a, avèk tou kwout la ak solid la, pati domina manto a.
liver	fwa	gwo ògà konplèks sistèm dijestif la ki pwodui anpil sibstans chimik pou dijesyon, avèk bil tou.
longitude	lonjitid	Distans an degre alès ak alwès premye meridyen an.
luminosity	liminozite	Puisans enèjetik ki nan sifas yon etwal pa segonn; li mezi an wat.
lunar eclipse	eklips linè	Fèt sèlman pandan yon plènlin, lè tè a pase ant solèy la ak lalin nan, epi lonbraj tè a tonbe sou lalin nan.
lymph node	ne lenfatik	ti mas tisi ki gen lenfosit epi ki filtre mikwòb patojèn lenf lan; li fòme avèk yon rezo fib tisi konjonktif ki gen lenfosit yo.
lymphocyte	lenfosit	kalite globil blan ki estoke nan ne lenfatik k ap defann kò a kont ajan etranje.